

## Pou antre nan lane 2020

Yon lane ale, yon lòt lane vini. 2019 pa la ankò, kounye a se lane 2020 ki devan n. Chak lane ki vini pote pi bon espwa pase sa k ale a. Epoutan, chak lane vini ak sa k bon, men tou li pote pwoblèm li ak sa nou swete ki pou chanje. N ap lapriyè Bondye Granmèt nou an, pou nou di li mèsi pou sa n te resevwa, epi pou lavi n pi bon e pi bèl chak jou.

Nou swete nou tout yon bòn ane 2020, malgre sitiyasyon difisil nou ye a, ki se prizon an oswa detansyon. Anpil nan nou, yo vyole dwa yo ; Lajistis manke fè travay li kòm sa dwa ; kondisyon detansyon pa bon ; prizon yo pa yon priyorite pou politisyen yo ak moun ki pran desizyon nan peyi a. Epoutan, se moun nou ye, nou gen diyite tankou tout moun, paske se pitit Bondye nou ye, menm jan ak yo. Nou merite yo ba nou konsidérasyon sa a, menm jan ak tout moun.

Nou kontan gen moun ki solidè ak nou, ki montre yo pa blyie n, e k ap travay andeyò prizon pou mantalite moun chanje. Nou espere jefò yo ap pote fwi, konsa bagay yo ap chanje anfavè n ki nan detansyon ak prizon.

Nan paj sa yo, nou kapab jwenn enfòmasyon sou lavi nan detansyon : sa tout moun dwe konnen, selon sa ki nan *Règ ki pi piti pou moun ki nan detansyon ak prizon*. Monseyè **Alphonse Quesnel**, smm, Evèk Fòlibète, ki Prezidan Komisyon Pastoral Penitansye pou Legliz katolik, esplike n ki wòl omonye Legliz la mete nan prizon yo genyen. Epitou, gen yon kesyon yo mete devan n : Eske nou pa janm te anvi pale ak moun ki viktim yon zak nou te poze ? Pafwa se jès sa a ki ede moun chanje kè yo ak lavi yo. Peyi a bezwen chanjman ak plis respè pou lavi moun. Chanjman se nan ti bagay li fèt, se nan sa li pran rasin.

Nou swete n yon bòn ane 2020. Se pou Jezikri, nou fete prezans li nan mitan nou chak ane nan menm epòk sa a, gide kè nou ak konsyans nou; se pou li mete n sou wout yon chanjman toutbon vre.

*Se ekip Jilap la ki ekri nou*

## Priyè nan papòt nouvèl ane 2020

Bondye, ou se Papa n  
e nou konnen, ou renmen n toutbon vre,  
depi nou wè ou voye pwòp Ptit ou ban nou.  
Jezi se yon moun tankou nou,  
li te viv nan yon fanmi tankou nou.  
Se delivrans li t ap pote pou nou nan tout reyalite lavi a.

Nan kòmansman ane a n ap di w mèsi pou peyi ou ban nou an.  
Kote ou vle pou libète, jistis ak respè donnen.  
Bondye, ou menm ki sous tou sa ki bon,  
n ap mande w montre n travay pou chak jou ane a  
fè n antre pi fon nan delivrans Jezikri a.  
Konsa, n a wè mizè ap fè bak nan peyi nou an  
Ansanm ak enjistik, divizyon, prejije,  
e ane 2020 sa a va mete n pi pre Peyi kote Bondye Wa a.

Jodi a toujou Grammèt, nou vini ak tout  
pwoblèm  
k ap boulvèse fanmiy nou yo,  
e nou vin chèche limyè, renmen ak kè poze  
ki te nan kay Nazarèt la.  
Tanpri, beni fanmi nou yo, chanje yo :  
fè nou chak tounen yon moso nan gwo  
fanmi  
kote ou vle rasanble tout pèp, tout ras la.  
N ap mande ou sa pa pouvwa Jezikri  
Grammèt nou an. Amèn




*Priyè Franswa ki Sen*

**Granmèt, fè nou sèvi zouti nan men ou  
pou mete kè poze**  
Kote youn rayi lòt, fè nou mete tèt ansanm  
Kote youn derespekte lòt, fè nou mete padon  
Kote youn pa vle wè lòt, fè nou mete renmen  
Kote youn vle twonpe lòt, fè nou mete  
laverite.  
Kote ki gen dout, fè nou mete konfyans  
Kote ki gen dekourajman, fè nou mete  
espwa  
Kote ki gen fènwa, fè nou mete limyè  
Kote ki gen lapenn, fè nou mete kè kontan.

**Granmèt, fè nou pito konsole pwochen nou  
Pase se konsolasyon n ap chèche pou tèt nou  
Fè nou pito respekte lòt yo  
Pase n ap reklame pou yo respekte nou.**

**Paske se lè nou bay, n ap resevwa  
Se lè nou blyie tèt nou, n ap jwenn pa nou  
Se lè nou padonnen pwochen nou,  
n ap jwenn padon pou nou  
Se lè nou mouri, n ap leve byen vivan.  
Amèn.**



*Foto: intènèt, Markus Spiske*

Lapriyè Pèp Bondye a nan kòmansman ane a

Frè n yo, sè n yo, nouvèl ane a se yon kado Bondye.

Men, se tout tan Bondye pare pou l ban n tout kè kontan li pwomèt nou an.

An n mete ansanm pou n lapriyè l.

***Bondye, se ou ki Mèt lavi, ban nou fòs tout ane a.***

- An n di Bondye mèsi pou tout favè li fè n ane ki sot pase a. An n mande l montre n fè volonte l chak jou, e nan tout ka sikostans, ane sa a. An nou lapriyè.
- An n mande Bondye montre n sèvi l tankou Mari. Sa vle di montre n mete tout kado li fè n yo, nan sèvis frè n ak sè n yo, pou tout jounen delivrans. An nou lapriyè.
- Etan n ap di Bondye mèsi pou bél batay zansèt nou yo te fè pou nou, n ap mande l tou mete renmen peyi nou nan kè nou. An n lapriyè l pou Ayisyen ak Ayisyèn sispann fè frè l ak sè l yo abi. An n lapriyè pou nou aksepte travay tout bon vre pou nou delivre peyi n, e pou n fè l fè yon pa pi devan. An nou lapriyè.
- Nan kòmansman ane sa a, an n lapriyè pou tout moun k ap soufri, pou moun ki pa gen kè kontan, pou sa ki dezespere ak lavi a, pou sa ki nan prizon. An nou lapriyè.
- An n lapriyè tou pou tout pèp ki sou tè a aprann respekte lòt pèp yo. An n lapriyè pou ti peyi yo sispann sibi abi nan men gwo peyi yo. Ann lapriyè pou tout klas sosyal k ap sibi pou jwenn wout delivrans y ap chèche a. An nou lapriyè.

**Que la paix soit sur le monde**

Que la paix soit sur le monde pour les cent milles ans qui viennent  
Donne-nous mille colombes à tous les soleils levants  
Donne-nous mille colombes et des milliers d'hirondelles  
Fais qu'un jour que tous les hommes redeviennent Tes enfants.  
1. Demain c'est nous et demain plus de guerre.  
Demain partout les canons dormiront sous les fleurs.  
Un monde joli est un monde où l'on vit sans peur.  
2. Avec nos vies se construit notre monde.  
Seigneur, Seigneur aide nous à batir Ta maison.  
Donne-nous la paix fais de nous des témoins d'amour.

## **Devlòpman total kapital pou chak moun ak tout sa yon moun ye**

*Moun yo pa vle viv nan lamizè, yo vle reyalize yon lavi ki pi bèl. Yo swete chanjman ak devlòpman. Men ki kalite devlòpman? Ki chanjman nou vle? Eske se sèlman yon koze jwenn plis byen nan men n, oubyen nou vle tou: pi bon relasyon ak tout moun ak tout sa k egziste ? Pi bon relasyon ak Bondye Granmèt la, ni ak tèt nou tou ?*

Tout moun vle reyalize chanjman nan lavi a. Ki chanjman yo vle ? Toupatou moun vle « devlòpman ». Yo anvi bon jan devlòpman. Yo vle devlòpman pou tèt yo ak fanmi yo. Yo vle yon pi bon demen pou ptit yo. Men ki sa nou rele devlòpman ? An jeneral, lè w poze moun yo kesyon sa a, y ap di gen devlòpman, lè moun genyen pi plis byen. M gen manje san pwoblèm. M gen pi bon kay. M gen pi bèl rad, mwen kapab vwayaje pi fasil ak pi rapid. Peyi a gen pi bon wout. Gen travay. Se konsa anpil moun wè epi pale sou devlòpman. Se vre, tout sa nou di la yo empòtan. Moun yo anvi pou lavi toujou pi bon, pi bèl, pi fasil, pi agreyab.

Pafwa ak mo devlòpman an, yo mete lòt bagay, tankou « devlòpman dirab »: devlòpman k ap dire. Moun yo k ap viv sou tè a anpil, epi tè a gen limit li. Si n vle pou ptit nou ak ptitpitit nou toujou jwenn dekwa, nou dwe pwoteje resous latè a genyen pou yo dire pou pi devan. Se sa yo rele dirab la. Nou bezwen manje ; se latè a ki ba n manje, men nou pa kapab aji ak latè nenpòt jan, si n vle pou l toujou ba nou manje. Egzanp, nou bezwen pran swen latè pou bon tè a pa al jwenn lamè, pou lapli pa lave tout bon tè a ki genyen. Si pa gen tè, si tout bagay se wòch, pa gen travay tè, epi p ap gen manje pou moun manje.

Men lè n pale sou « devlòpman total kapital », sou ki kalite devlòpman nou pale ? Total kapital vle di tout moun dwe ladan l. Konsa, pa gen devlòpman vre pou moun,

si tout moun pa jwenn. Sa se yon premye kondisyon, men ap gen lòt toujou. Lè n gade devlòpman k ap fèt sou latè jounen sa a, nou wè ak tout devlòpman ki genyen, lamizè pa vin pi piti. Okontrè, plis moun ap viv nan kras. Chodyè a ap bouyi yon sèl bò. Sou ki devlòpman n ap pale lè sa ? Devlòpman toutbon pa sèlman mande pou genyen plis bagay, men tou pou moun yo òganize tèt yo pi byen pou tout moun kapab jwenn. Se sa n rele « jistics nan jan byen yo separe ». Ansanm ak plis byen, dwe gen plis jistics tou.

Men gen yon lòt bagay yo ajoute toujou. Se pa sèlman « tout moun » dwe jwenn, men « tout moun nan » dwe devlope, si n vle pou devlòpman an vin entegral. Tout moun nan, tout dimansyon ki fè lavi yon moun, tout relasyon l yo. Valè nou yo dwe devlope, jistics nou genyen an, fason moun aji ak moun dwe chanje. Kounye a gen moun ki pa sansib pou lòt : sansiblite pou lòt yo dwe chanje, li dwe pi fò. Gen kote moun ap fè lagè, kote youn fè lòt soufri. Lapè dwe vin pi reyèl : yo dwe mete sou pye bon jan kondisyon pou genyen byen viv ansanm pamí moun. Bagay sa a tou mande devlòpman toutbon : nou dwe devlope tout bon kalite moun genyen nan li menm.

Nou deja konprann, batay pou gen bon devlòpman pa fasil, epi se chak jenerasyon moun k ap blije batay pou li. Si tout moun dakò pou di pa gen devlòpman toutbon nan grangou ak lamizè, okontrè, tout moun p ap gen menm lide sou sa jistics vle di, sou sa renmen vle di, sou sa yon bon òganizasyon pou peyi a vle di, sou sa demokrasi toutbon vle di. Konsa, jèn yo kapab genyen lòt lide sou jan peyi a dwe ye demen ak granmoun yo. Sa y ap espere pou denmen kapab diferan ak sa k la kounye a.

Ak tout sa, nou kwè gen kèk bagay ki pa dwe manke nan bon jan devlòpman toutbon oswa devlòpman entegral la:

- Respè pou diyite chak moun;
- Bon jan angajman pou sa k nan enterè tout moun ; devlòpman totalkapital pa kab satisfè egois tout moun k ap viv sou latè ;
- Respè pou dwa fondamantal tout moun genyen ;
- Patisipasyon tout moun nan tout desizyon ki gade l ;
- Yon minimòm pou viv byen pa kapab manke ;

- Jistis sosyal ak plis egalite nan mitan pèp yo ;
- Espwa pou yon denmen miyò;
- Respè pou lakreyasyon an, bon relasyon ak tout sa k antoure n.

Relasyon n ak Bondye bezwen evolye, chanje, devlope tou. Anpil moun toujou konsidere Bondye tankou yon bouchtwou, yon Bondye ki pa bay moun pwòp reskonsablite l. Pi gwo glwa pou Bondye, se lè moun sèvi byen ak tout sa l kreye, lè l fè bon chwa nan lavi l, lè l deside mete sou pye yon sosyete renmen ak tèt ansanm, lè tout kapasite chak moun genyen nan li ap sèvi pou reyalize yon bèl pwojè konsa.

Se tout sa ki fè yon devlòpman total kapital pou chak moun ak pou tout moun nan vle di. Se yon gwo pwojè k ap mande plizyè jenerasyon moun mete men, paske tan yo chanje, sansiblite moun yo chanje, epi kapasite moun genyen tou devlope.

JH

*Ki jan nou menm, nan pwòp vi n konsidere devlòpman total kapital la ?  
Bay egzanp.*

### Yon dènye pawòl

Nou pa dwe rele devlòpman ak avansman, sa k detwi yon lòt.  
 Nou pa dwe rele pwogre, sa k diminye yon lòt.  
 Nou pa dwe rele libète, sa k fè yon lòt pèdi dwa l pou l reyalize tèt li.  
 Nou pa dwe rele kominote, kote sa k pi piti a pa jwenn tout atansyon li merite.  
 Se nou menm ki pou tounen chanjman an nou vle wè nan mond lan.

*(Mahatma Gandhi)*

## **Refleksyon sou jistics nan detansyon Sa chak moun ki nan detansyon dwe konnen**

### **Kisa detni ak prizonye dwe konnen sou dwa yo ?**

Antre nan koze a

Moun ki nan prizon yo dwe konnen se moun yo ye, menm jan ak tout moun. Sa vle di : yo dwe respekte diyite yo menm si yo nan konfli ak lalwa. Konstitisyon peyi a fè Leta a obligasyon pou l respekte dwa fondamantal tout sitwayen ak sitwayèn genyen, menm sa ki nan prizon. Leta Ayisyen siyen yon seri règleman ak konvansyon entènasyonal li dwe respekte, pami yo nou jwenn Règ minima a, ki dekri sa ki pi piti, administrasyon prizon yo dwe respekte.<sup>1</sup> Lwa yo se yon seri règleman jiridik ki tabli pou tout moun konnen dwa yo. Se sa k fè tout moun dwe konn lalwa, pou yo pa di *si m te konnen*, lè yo rive lajistis.

#### **Dwa fondamantal yo nou genyen kòm moun**

Dwa fondamantal yo, se yon seri privilèj chak moun dwe jwenn. Depi li fèt nan vant manman I, pa gen moun ki kapab retire yo. Pami yo gen dwa ki natirèl (se konsa nou fèt) tankou dwa pou viv, dwa pou lib. Tout moun fèt pou yo viv byen nan yon anviwonman ki pwòp ki p ap rann yo malad. Tout moun dwe jwenn manje pou yo manje ; manje ki byen balanse pou n pa fè malnitrison. Nou gen obligasyon pou n pran swen kò nou, pou mete rad pwòp, pou jwenn dlo ki pwòp pou bwè lè n swaf. Nou gen dwa pou jwenn swen lasante pou nenpòt ti maladi pa touye n, tankou lafyèv, yon ti grip, el. Gen lòt kategori dwa ki pa natirèl, men depi w fèt nan yon sosyete ou dwe genyen yo, tankou : dwa pou chak moun gen yon ak nesans (yon batistè), pou yo gen yon nasyonalite, pou al lekòl, pou aprann yon metye pou yo vin gen otonomi tèt yo. Se wòl Leta ayisyen pou l degaje l kon mèt Janjak pou l garanti dwa fondal natal chak moun genyen, menm si se yon detni, oubyen yon prizonye.

#### **Règ MINIMA**

Règ MINIMA se yon ansanm règleman Nasyonzini te adopte nan premye kongrè I, Ayiti siyen I epi ratifye I pou I te fè prevansyon kont krim ak move trètman anndan prizon yo.

---

<sup>1</sup> Men ki jan dokiman an rele: *Ensemble de règles minima pour le traitement des détenus*. Adopté par le premier Congrès des Nations Unies, tenu à Genève en 1955 et approuvé par le Conseil économique et social le 31 juillet 1957 et 2076 du 13 mai 1977.

## **Prensip fondamantal ki nan baz règ MINIMA yo :**

- 1 Règ sa yo dwe aplike san pa gen prejije (san pa gen diskriminasyon), san yo pa gade sou ras ak koulè, sèks, reliyion, opinyon politik moun genyen, epi yo dwe respekte kwayans ak reliyion chak detni.
- 2 Tout kote ki gen moun ki nan detansyon, fòk gen yon rejis ki pran enfòmasyon sou idantite chak detni, rezon ki fè l nan detansyon ak non otorite ki deside mete l la a.
- 3 Detni yo dwe plase nan plizyè katye diferan pandan y ap pran an kont sèks yo, laj yo, sa yo te fè, eta sante yo, ak kòz ki fè yo nan prizon oubyen nan detansyon.
- 4 Detni yo pa dwe menm kote ak moun ki deja kondane. Moun ki nan prizon pou kòz sivil pa dwe menm kote ak detni ki fè enfraksyon penal.
- 5 Jèn detni yo pa dwe nan menm selil ak granmoun yo
- 6 Selil yo dwe byen gran pou lè kapab rantre, li dwe mesire  $4,5 \text{ m}^2$  pou chak moun. Chak selil dwe gen pou pi piti 2 moun, yo sipoze gen limyè pou yo kapab fè lekti leswa san sa pa deranje je yo. Fòk gen bon jan enstalasyon sanitè pou detni yo kapab fè bezwen natirèl yo lè yo vle.
- 7 Detni yo dwe kenbe tèt yo (kò yo) ak selil yo pwòp. Pou sa rive fèt, fòk yo mete dlo ak atik twalèt aladispozisyon yo.
- 8 Administrasyon prizon an dwe asire l detni yo jwenn manje atan. Fòk manje a gen bòn kalite, fòk li byen prepare, li dwe respekte nòm yon bon manje ki kapab kenbe sante moun yo.
- 9 Chak detni dwe pran yon tan chak jou pou fè egzèsis fizik nan lakou prizon an, oubyen nan yon kote yo fè pou sa.
- 10 Chak prizon dwe gen yon dispansè ak medsen ki kalifye, ki gen konesans nan sikoloji ak sikyatri tou.<sup>2</sup> Yo dwe pran dispozisyon espesyal nan prizon fanm yo pou yon fanm ki ansent kapab akouche kòrèk.
- 11 Yo dwe otorize detni yo (ak tout siveyans ki nesesè), pou yo kominike ak fanmi yo ak zanmi yo fè konfyans, yo ka ekri lèt oubyen resevwa vizit.
- 12 Chak prizon dwe gen yon bibliyotèk, tout prizonye yo kapab itilize; li dwe gen tout kalite liv ladan l ki bay enfòmasyon epi ki pèmèt yo distrè tèt yo.

---

<sup>2</sup> Sikoloji, sikyatri: se lasyans doktè pou lespri moun.

- 13 Chak detni dwe gen posiblite pou fè demann epi pou voye plent bay direktè prizon an oswa bay chèf pòs la.
- 14 Chak detni dwe, nan mezi sa posib, gen posiblite pou satisfè bezwen lavi relijye yo, pou patisipe nan sèvis yo òganize nan prizon an, epi yo dwe mete liv edifikasyon ak enstriksyon relijye selon relijon yo.
- 15 Nan ka lanmò, maladi grav, aksidan grav, oswa lè yo deplase yon detni al nan yon lòt prizon ki fèt pou moun ki gen maladi mantal, direktè a dwe enfòme mari oswa madanm prizonye a touswit, si se yon prizonye ki marye, oubyen li dwe enfòme yon manm nan fanmi 1.

### **Kantite tan yon moun gen dwa pase nan gadavi**

Konstitisyon 1987 la ki se Manman Iwa peyi a di nan atik 24, kouman pou yo arete yon moun, ak nan ki kondisyon yo ka mete l nan prizon.

Atik 26 konstitisyon an di konbyen tan yon moun gen dwa pase nan gadavi, lè yo arete li. Li pa dwe pase plis pase karantwit 48 èd tan depi yo te arete l la san li pa pase devan yon jij ki pou di si arestasyon an legal oubyen ilegal. Jij sa a, an jeneral se komisè gouvènman an.

### **Wòl Jij enstriksyon**

Moun ki nan detansyon prevantiv pwolonje yo se sou responsablite yon jij enstriksyon yo ye. Wòl jij sa yo se mennen ankèt nan yon delè 3 mwa lalwa prevwa pou tabli si yo bezwen kenbe moun nan oubyen si yo pa bezwen kenbe li. Selon ka a, l ap fè yon « òdonans ranvwa » (si y ap jije l) oubyen yon « òdonans nonlye » (si y ap lage l). Lalwa prevwa tou pou si ankèt la pa t gen tan fini, jij denstriksyon an kapab mande yon ti tan anplis pou fini ankèt la. Pi souvan yo pa respekte delè sa yo, se sa ki lakòz detni yo konn pase plizyè lane nan prizon san yo pa jije yo, san yo pa konnen si yo koupab oubyen pa koupab.

### **Wòl Komisè Gouvènman an**

Atik 13 nan *Kòd enstriksyon kriminèl* la di, « Komisè gouvènman an la pou 1 chèche epi pouswiv tout moun ki komèt yon deli oubyen yon krim; li la tou pou 1 pwoteje sosyete a, pou defann valè sosyal yo, li se chèf pouswit la. » Komisè gouvènman an se yon ofisyé polis jidisyè a li ye, menm jan ak yon jij enstriksyon (atik 9 nan KEK, *Kòd Enstriksyon Kriminèl*): li la pou rasanble prèv, pou dresé yon pwosè vèbal, epi pou mennen koupab yo devan yon tribinal ki kapab jije yo.

### **Prezantasyon chèn penal la**


Lè yon moun viktim anba yon enfraksyon (yon fòt yon lòt moun te komèt kont li) li kapab pote plent oubyen denonse zak la devan Komisè Gouvènman an.<sup>3</sup>

- Si komisè a pa deside pouswiv enfraksyon an, 1 ap klase dosye a « san swit ». Men si li deside pouswiv enfraksyon an, epi enfraksyon sa se yon kontravansyon li ye, li prale nan tribinal senp polis.
- Si Komisè a deside pouswiv, epi enfraksyon an se yon deli, lè sa a ankèt la pa yon obligasyon. Sa vle di : se jij enstriksyon an k ap enstwi dosye a ki pou di : si 1 ap bay yon òdonans ranvwa. Konsa, si se yon kontravansyon, dosye a pral nan tribinal senp polis la, men si se yon deli, dosye a pral devan tribinal koreksyonèl la.
- Si Komisè a deside pouswiv enfraksyon an, epi enfraksyon se yon krim, ankèt la vin obligatwa. Nan ka sa a, se jij enstriksyon an k ap di si 1 ap mete fen ak pouswit la ; lè sa 1 ap bay yon òdonans non-lye. Men si 1 deside pouswiv enfraksyon an, 1 ap bay yon òdonans ranvwa, lè sa 1 ap voye dosye a devan tribinal kriminèl la.

---

<sup>3</sup> Ministè piblik, se konsa yo rele Komisè gouvènman an nan yon pwosè penal, lè I reprezante sosyete a devan tribinal la.

**Chema chèn penal la**



*Nou pale sou « enfraksyon ». Men ki sa ki yon enfraksyon ?*

*Enfraksyon an se yon zak ou komèt ak tout volonte w, oubyen pafwa w pa t vle l tou, oubyen se yon bagay ou te dwe fè, men ou pa t fè l tandiske ou te dwe fè l. Konsa ou aji kontrè ak sa lalwa di, epi ou anba menas yon sanksyon penal.*

*Gen diferan kalite enfraksyon, selon zak la ki mande sanksyon:*

Gen kontravansyon	Kontravansyon se yon enfraksyon ki pa grav lalwa pini, tankou lè yon chofè pa respekte limyè wouj la.	Pou yon kontravansyon, yo kapab ba ou yon amann ki pa depase 3.000 goud.
Gen deli	Yon deli se yon enfraksyon ki pa twò grav, tankou yon vòl san zam.	Pou yon deli, sanksyon an se prizon pou yon tan ki pa dwe depase 10 lane.
Gen krim	Yon krim se yon enfraksyon ki grav lalwa pini, tankou : asasine yon moun, oubyen lè yon gason vyole yon fi.	Sanksyon pou yon krim se prizon pou 10 lane ; li kapab menm pou tout rès vi sa k kouparab la.

**Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki fè ti Bilten sa a pou swete tout detni ak prizonye Bon Fèt Nwèl ak Bòn Ane 2020.**



**Se Adveniat, ki se solidarite Legliz nan peyi Almay, ki pèmèt nou fè l.  
Men ki moun ki ekri ladan l: Mme Jocelyne Colas Noel, Osias Gandy, juriste, frè Arsène Ngongue Ndjambe, cilm. Kòdinasyon P Jan Hanssens, cilm, ak kolaborasyon sekretarya a.  
Foto kouvèti : intènèt**

## **Ki wòl yon omoneye genyen nan prizon?**

*Legliz katolik la, tankou lòt legliz yo tou, akonpaye moun nan detansyon ak nan prizon nan tout bezwen yo genyen kòm moun, bezwen espirityèl yo ladan tou. Konsa, yo nonnen reprezantan kilt yo pou vizite moun ki nan detansyon. Pou Legliz katolik, se Monseyè Alphonse Quesnel, Evèk Fòlibète, ki kòdone travay sa a. Se li k ekri ti atik sa a.*

*Mwen te nan prizon ou te vizite m. Kilè ? Chak fwa ou te fè l ak youn nan pi piti sa yo, se ak mwen menm ou te fè l* (Matye 25).

Chak fwa mwen gen chans rantre nan prizon, se pawòl sa ki toujou gide mwen nan aksyon mwen pral mennen an. Rankontre ak tout sila yo ki nan sitiyasyon gwo kalamite. Tou senpleman paske prizon nan peyi Dayiti se tankou se nan lanfè ou ye, se kòmsi ou rive nan dènye bout la. Rantre a fasil, men se soti a ki difisil. Ou pa janm konnen kilè w ap soti ak ni ki jan w ap soti. Anpil fwa ou kapab konprann sans pawòl sa ki di *mache sou 13 pou w pa pile 14*. Anpil fwa, moun yo konn di *prizon pa fèt pou chen*, pawòl sa gen anpil sans. Eksperyans mwen genyen depi sèt lane (7) depi m ap fè pastoral nan prizon make lavi mwen.

Mwen toujou sonje se jou yo òdone mwen evèk pou achidyosèz Pòtoprens jou ki samdi 22 desanm 2012, nan pawòl pou m di mèsi, mwen te mande Monseye Poula, posibilité pou m ta travay nan prizon. Lamenm li te aksepte. Depi lè sa mwen vizite prèske tout prizon nan peyi a. Se toujou menm reyalite. Nan prizon, se kote gen plis moun k ap kriye, k ap soufri nan kò yo, nan nanm yo, nan lespri yo. Andedan espas la se yon boulvèsman total. Ap toujou gen yon blese ki fè li p ap janm fèmen. Paske nan espas sa ou kapab desann pi ba kote yon moun kapab rive. Andedan prizon an, yo kreye tout kondisyon pou yo detwi, pou yo fè pèdi tout sa ki fè ou moun toutbon vre.

Epoutan, prizon k ap vini yon kote pou gen yon gwo chanjman ki fèt nan lavi w. Si moman w ap pase a ba w posibilité pou kalkile sou sa ki fè w la, sou konsekans zak ou komèt la. Se yon kote ou kapab dekouvri yon lòt reyalite ki kache nan lavi a, sou gwo enpòtans libète genyen.



Prizon kapab tounen yon posibilité pou yon gwo chanjman fêt nan lavi w, sa nou rele konvèsyon. Li posib. Sonje lapot Pòl ak Silas, andedan prizon an, yo t ap fè konpliman pou Granmèt la (Travay Apot yo 16, 24-25).

Men fòk ou pa bliye, anpil moun ki jwe gwo wòl nan Labib la te pase nan prizon, tankou Jozèf, Jeremi, Jan Batiz, Jezi li menm, lapòt Pòl, Silas, ... elatriye.

Ki enpòtans travay omonye yo nan prizon ? Se pawòl ki kapab gide aksyon moun k ap rann sèvis nan akonpaye sou koze espirityèl moun ki nan prizon. Sa Jezi te di Zache nan rankont li te fè ak li : *Mwen vin chèche sila ki te pèdi a* (Lik 19, 10).

Legliz la dwe preznan tout kote pitit Bondye ap soufri pou li te bay soulajman. Li pa dwe pase akote

okenn soufrans. Sa fè m sonje yon bél pawòl Sè Sent Tereza Kalkita te di : « *Menm si se nan lalin doulè a ye, Legliz ta dwe preznan.* »

Nan lèt pou Ebre yo, nou jwenn pawòl sa toujou : « *Sonje tout moun ki nan prizon yo, kòm si ou te nan prizon avèk yo, sonje moun y ap maltrete yo paske ou menm tou ou gen yon kò.* » Se poutèt sa gen tout ajan ki nan pastoral prizon.

*Mgr Alphonse Quesnel, Evèk Fòlibète*

## **OMONYE, KI WOL OU NAN PRIZON AN ?**

« **Mwen te nan prizon, ou te vin wè m** » (Matye 25, 35 ss). Se nan pawòl levanjil sa Legliz katolik nan chan pastoral li yo mete: **pastoral prizon**. Avèk pastoral sa a, Legliz prezan epi reponn ak pawòl Jezi Mèt nou an. Nan sans sa, omonye tounen temwen renmen Jezikri pou prizonye yo. Ki wòl omonye a nan prizon an ?

**Omonye se yon doktè nanm nan prizon an. Se poutèt sa :**

- Li dwe toujou prezan nan prizon an epi mete prizonye nan yon anbyans konfyans pou yo fè yon bon dyalòg.
- Kòm doktè nanm, li la pou fè lamès, pou administre sakreman pou prizonye ki mande yo. Epi, lapriyè ak yo kote yo ye a.
- Omonye a dwe disponib pou manm Apena yo tou k ap travay anndan prizon an. Li kapab fè aktivite pastoral pou yo tou.
- Li la tou pou rankontre ak komite prizon an.
- Li la pou rankontre chak prizonye, nan yon sal espesyal pou sa, jan règleman entèn prizon an mande pou sa fèt, san prezans ajan Apena yo.
- Li dwe gen bon relasyon ak Enspektè ki nan prizon an, avèk Komisè a tou. Omonye a la pou facilite epi mete lòd nan tout entèvansyon Legliz ap fè nan prizon an. Sa vle di chak gwoup oubyen koral ki gen pou vini nan prizon an dwe anonsé omonye a sa.

Mwen menm Pè Yves Chérélia ki ekri liy sa yo, mwen se omonye nan prizon Okap ak Gran Rivyè Dinò, m ap di nou byen, mwen eseye devlope yon bon relasyon ak tout prizonye, paske mwen wè nan yo chak, kèleswa sa yo te fè ki pèmèt yo la, yon moun, yon frè, yon sè epi yon zanmi. Kidonk, avèk yo mwen se yon frè, yon zanmi, pou yo mwen se yon akonpayatè. Legliz la mete m nan mitan yo epi avèk yo pou sa. Pye m se pye yo, men m se men yo, bouch mwen se bouch yo nan sosyete a, nan Legliz la, devan reskonsab yo. Sa vle di : mwen se yon entèmedyè pou yo nan sans mwen sèvi pon pou yo nan tout sans mwen kapab, depi li makònèn ak règleman entèn prizon an epi ak misyon Legliz la ban mwen an.

## **KONSA, TRAVAY MWEN NAN PRIZON KÒM OMONYE KAPAB REZIME NAN TWA (3) PWEN:**

### **1. YON TRAVAY: DOKTÈ NANM**

Mwen fè lamès chak 2<sup>e</sup> dimanch nan mwa a. Chak semèn mwen pase pou koute prizonye yo ki ta vle jwenn yon moun pou koute yo. Nou selebre ak yo tout gran fèt obligasyon Legliz la.<sup>4</sup> Nou fè chemen lakwa ak yo. Jedi Sen, nou fè lavman pye pou kèk nan yo. Nan dyalòg nou yo, nou bay konsèy Lespri Sen revele nou pou nou bay nan sitiyasyon y ap viv. Nan menm pwen sa, nou ede yo konprann tou Legliz la se fanmiy yo. Sitou pou sila yo ki kondane pou rès lavi yo, nou fè yo konnen, kote fanmiy ak zanmi yo lage yo, Legliz la se sèl fanmiy yo, se sèl zanmi yo ki toujou la.

### **2. YON TRAVAY : MOUN AK MOUN**

Prizonye se yon moun tankou nou. Epi tout moun ka nan prizon si yo menm, yo komèt yon enfraksyon ki pèmèt yo nan prizon. Tankou tout moun, yo gen dwa pou yo jwenn manje, swen lasante ak ledikasyon pou nou di sa yo sèlman. Se pou sa, nou menm nan omonri pastoral prizonye nan achidyosèz Okap la, nou bay asistans toutan nou kapab. Erezman tou, genyen kèk pè ak kèk fidèl nan pawas yo ki toujou pare pou akonpaye nou nan ba nou sa yo genyen, sa yo kapab pou nou vin fè yon bon manje solid pou yo de (2) fwa nan mwa, lè nou genyen. Yo temwaye sa chak fwa nou rankontre yo.

### **3. YON TRAVAY: DOKTÈ KÒ POU N EDE YO GEN YON TI LASWENYAY.**

Nou pa medsen, ni enfimyè, men nou toujou prè pou nou pran preskripsyon yo ba yo nan dispansè prizon an, pou nou achte medikaman pou yo paske dispansè prizon pa genyen medikaman souvan. Konsa, nan kèk klinik mobil nou konn fè avèk akò responsab prizon yo, nou konn ede yo rive jwenn yon ti laswenyay. Tout sa yo se pou eseye aplike Pawòl Jezi a : Mwen te malad, nou te vizite m, nou ban m laswenyay (Matye 25, 36ss).

---

<sup>4</sup> Fèt obligasyon, se konsa yo rele gwo fèt nan lane Legliz katolik la epi yo selebre yon fason espesyal tankou : fèt Nwèl la, fèt Pak la, fèt Tout Zanmi Bondye yo, fèt Mari nan syèl ak tout kò l.

Se konsa, mwen ka rezime chan misyon sa nan prizon Okap la ak Gran Rivyè. **Misyon sa difisil men li pa enposib, sèlman ou bezwen renmen misyon an epi renmen prizonye yo epi mete kè w ladan l pou l fèt byen. Misyon nou an ede prizonye yo viv pi byen epi jwenn lagras Bondye men tou chak moun ki patisipe nan misyon sa ap jwenn benediksyon Bondye.** Konsa, ak konkou Manman Lamèsi,<sup>5</sup> patròn yo, misyon an ap fèt byen selon volonte Jezi ki te idantifye l ak yo.

*Pè Yves CHÉRÉLIA, Omonye nan prizon Okap ak Gran Rivyè*

### ***Rankontre ak moun nou te fè ditò a***

*Lè moun nan prizon, lè yo fi n kondane l, se paske jij la te mete yon bagay sou do l. Yo te akize l, men yo deklare l koupab yon zak li te fè yon lòt moun sibi. Petèt li te pran yon bagay nan men l, li te blese l, oubyen li te fè l yon lòt ditò ki pi grav toujou. Kounye a, sosyete a pini l : yo te fè ankèt epi yo te fè yon jijman. Yo te di l : ou koupab. Li pa toujou fasil pou yon moun rekonnèt li koupab yon zak toutbon. Si w koupab, ou reskonsab. Fòk yon moun kapab pran reskonsablite.*

*Kounye a, n ap sipoze ou se yon moun lajistis te kondane. Eske ou pa janm te santi anvi rankontre ak viktim zak ou te fè a pou pale ak li ? Ki sa ou te anvi di l ? Menm nan jijman an nou pa te pale ansanm. Se ak jij la nou ta p pale, nou pa t pale youn ak lòt. Epitou, yo pa t mande ki jan viktim nan te santi l. Yo te annik gade kisa lalwa di sou sa w te fè a.*

*Men, lè n gade byen, viktim nan, se pa sèl moun nan nou te fè sibi yon bagay yon fason dirèk. Sa n te pran nan men li a, sa n te menase a, sa n te bay kou a, sa n te goumen avè l la ... Se pa li menm sèl ki soufri, epi soufrans li se pa sèlman sa n te pran nan men l. Li gen fanmi li ki soufri tou poutèt sa k te rive l la ; li gen zanmi l ; gen moun ki*

---

<sup>5</sup> Manman Lamèsi: se tit yo bay Manman Mari, manman Jezi, epi ki mare ak fondasyon yon kongregasyon relije ki te bay tèt li kòm objektif pou rachte kretyen ki te vin esklav nan men mizilman. Sa sete nan 13zyèm syèk. Li se patwòn prizonye yo.

*te temwen ki konprann jan sosyete a vin gen danje ladan l ; kounye a gen moun ki pè pran lari. Konsa, anpil moun viktim sa k te rive a.*

*Men bò kote w tou, ki rekonèt ou komèt zak la, gen viktim. Petèt, yo lonje dwèt sou moun pa ou, sou manman ou, sou frè ak sè ou yo. Gen moun ki di : sa se fanmi moun ki te fè tèl ou tèl move zak ... Kominote kote ou rete a tou viktim : gen moun k ap di : sa se yon move katye. Ou pa ka fè moun sa yo konfyans, ou bezwen pè yo, ou pa al rete la.*

*Nenpòt ki bagay ki rive ... gen viktim, epi yo anpil. Gen viktim dirèk, gen viktim ki vin ajoute, yo rele yo endirèk, men yo viktim tou. **Eske w pa janm te panse pou pale ak premye viktim yo, sa w te an afè avè l la ? Ki sa w ta pral di l, si w te gen chans sa a ?** Epitou n ap blije koute yo tou, pou yo kapab di n ki jan yo santi yo apre sa yo te sibi a nan men w.*

*Gen peyi kote sa posib : kote otè zak la ki koupab la ak viktim nan chita ansam, youn ap koute lòt, youn tandé lòt. Move zak la toujou rete la, men gen moun ki rankontre ki rann yo kont sou ki konsekans sa k te fèt la genyen sou yo ak sou kominote a. Sa k koupab la rive wè ki sa l kab fè pou repare tò l. Konsa, kominote a, sa k te sibi a, antouray li, ak pwòp moun pa l yo tou rive jwenn lòt chimen pou mache.*

*Pwosesis sa a, pa kapab disparèt oubyen efase sa k te pase a. Li ede moun konprann pi byen, ki konsekans konpòtman yo konn genyen anndan yon sosyete. Lè youn koute lòt, yo rive wè, menm si yon moun te fè sa k mal, li toujou rete moun ki gen bon kalite tou. Yon moun pa pèdi sa l ye kòm moun ak diyite li, paske li te komèt yon zak ki merite sanksyon.*

*Pandan y ap fè sa, se jistis y ap chèche. Yo rele kalite jistis sa a : JISTIS k ap REPARE KOMINOTE a. Se yon kalite jistis li ye. Li pa wete anyen nan sa k dwe fèt la, men li montre vre chimen reparasyon. Li fè moun rankontre ak moun, li pèmèt moun pale ak moun. Tout kote moun konprann youn lòt pi byen, kapab genyen plis lapè ak kè poze. Se sa n ap chèche.*

*Konsa, nou tounen ak premye kesyon nou : **Eske ou pa janm te gen anvi pou pale ak viktim zak ou te fè a ? Ki sa ou te vle di l ?***

*JH*

*Koripsyon paralize sosyete a  
Li fè pa kab genyen jistis toutbon vre*



# Jilap genyen **50** lane

*Nan lane 2020, Jilap ap genyen 50 lane depi l ap feraye nan Legliz la ak nan peyi a. An n gade ki kote JILAP nan peyi d Ayiti soti.*

*Konsèy pontifikal Jistis ak Lapè a, te pran nesans nan Legliz la nan lane 1967. Se Pap Pòl 6 ki te kreye premye konsèy sa a, pou Legliz pi pre kè kontan ak kè kase pèp yo.*

Nan peyi d Ayiti, kèk pè ak layik, ak apwi youn nan Evèk yo, monseyè Emmanuel Constant, Evèk Gonayiv la, te pote atansyon pou sa k rive nan Legliz la nan domèn sosyal aprè Konsil Vatikan 2 a. Gwoup la rankontre yon fason enfòmèl, san li pa t gen twòp chapant, depi nan lane 1970. Nan lane 1974, nou konnen Monseyè Constant te reprezante Evèk Ayiti yo nan Sinòd la ki te fèt nan vil Wòm kote Legliz la te poze kesyon sou zafè jistis sou tout fas tè a. Se konsa, Komisyon an konsidere diferan inisyativ sa yo tankou kòmansman travay Komisyon JILAP nan peyi a.

*Nan mwa janvye 1975, Komisyon an, an Ayiti te pibliye yon premye atik nan Jounal Bon Nouvèl. Atik la kòmanse konsa :*

**Lalwa pwoteje malere.** Pap Pòl 6 mete yon komisyon Jistis e Pè pou tout peyi. Komisyon Jistis e Pè pou Ayiti vle ede abitan yo, pou yo konnen lalwa pi byen. Yo gen pwoteksyon kont tout enjistik e konsa yo kapab devlope toutbon. Ane sa a, *Bon Nouvèl* ap bay etid sa yo chak mwa.

Nan tout peyi sivilize, lalwa pwoteje malere, An Ayiti, lalwa pwoteje malere tou.

Men anpil moun pa konnen lalwa. Se sa k fè, tout tan y ap fè malere abi. Premye devlopman k ap ede malere, se montre kijan lalwa pwoteje yo kont tout mechanste. [...]

*Se konsa, chak mwa komisyon an esplike yon moso nan lalwa peyi a pou pèmèt abitan ak malere yo defann tèt yo pi byen kont moun k ap fè yo abi. Gade ki jan sa fèt, chak mwa nan Jounal Bon Nouvèl, nan ane 1975.*

Premye piblikasyon nou konnen :

- 1975 : Komisyon an asire yon ribrik nan *Jounal Bon Nouvèl* : *Lalwa pwoteje malere*.
- 1976 : *Onè Respè*, yon ti liv ki esplike Deklarasyon dwa tout moun genyen pou peyi d Ayiti. Liv la te ede anpil moun pran konsyans zafè dwa moun nan peyi a.
- Kèk tan aprè sa nou jwenn liv la ki rele : *Si Jesus revenait cette nuit*.

Gwooup Jistis ak Lapè a menm te travay pou pwopoze pwojè omeli pou pè yo nan pawas yo. Konsa twa pwojè omeli te fèt :

- Sou rezon ki fè Legliz pale sou zafè sosyete ;
- Sou pwoblèm tè nan peyi a ;
- Sou zafè edikasyon.

Bò lane 1980, nou konstate komisyon lokal yo tanmen pran rasin nan tout peyi a : dyosèz Gonayiv ... dyosèz Ench depi nan lane 1980, kòm rezulta pwosesis refleksyon ki te fèt nan kad sinòd dyosèz la ; nan dyosèz Pòdepè se Chansòl ki pran devan ; nan Jeremi se Ans Deno yo premye pale sou komisyon an. Sa montre ki jan premye gwooup moun ki te bay travay la jarèt vreman soti nan tout peyi a.

Konferans Episkopal la te rekonèt reyalite egzistans Komisyon yo nan yon gran sesyon nasyonal ki te fèt nan lane 1985. Tèm sesyon an sete *Jistis ak Charite nan travay Legliz la*.<sup>6</sup> Depi nan lane 1986, Komisyon nasyonal la genyen yon chapant ki kowòdone komisyon yo nan tout peyi a. Se nan lane sa a yon sekretarya nasyonal vin tabli sou Channmas nan lokal Konferans Episkopal la menm, kote 1 toujou chita jouk jounen jodi a. Premye Asanble jeneral Komisyon an te fèt nan Vila Manrèz nan Pòtoprens, sòti 1 rive 3 jen 1989 ; biwo nasyonal la te prezan ak delege 4 dyosèz : Hench, Gonayiv, Pòtoprens ak Jeremi.

---

<sup>6</sup> *Justice et Charité dans la pastorale sociale de l'Eglise*. Message de la Conférence épiscopale du 27 octobre 1985. Dans : *Présence de l'Eglise en Haïti*, 1988, p. 143-147.

Pandan ane 2019-2020 ki prepare n sou gran Jibile sa, n ap gade ki sa Komisyon an te reyalize nan peyi a. Kèk gwo moman, ki make lavi l e ki te gen gwo enpak sou travay dwa moun nan peyi a.

Nou fè sonje kèk gwo kanpay JILAP te mennen nan egzistans li :

- Li fè obsèvasyon redaksyon Konstitisyon 1987 la ;
- Li mennen kanpay KONBAT (Konbit Batistè) anfavè yon etasivil pou chak timoun ;
- Li manm fondatè nan POHDH, ak nan refondasyon GARR ;
- Li te òganize yon konkou desen sou lapè kote plis pase 1.000 timoun ak jèn te patisipe ;
- Li òganize yon plan nasyonal fòmasyon pou ajan pastoral dwa moun nan 120 pawas nan peyi a;
- Li òganize yon pakèt gwo sesyon sou *Bati Lapè*, 800 an total ;
- Komisyon an pran angajman nan *Fowòm sitwayen pou refòm Lajistis* ;
- Li patisipe nan diferan obsèvasyon elektoral yo, depi nan referandòm pou prezidans avi a (1985) ;
- Li patisipe nan kanpay pou Verite ak Jistis aprè koudeta 1991 (SI M PA RELE) ;
- Li fè obsèvasyon vyolans nan zòn metropoliten nan, depi nan lane 2002 ;
- Li òganize 3 gwo kongrè ak patisipasyon chak komisyon pawasyal ;
- Li pibliye dokiman pou animasyon tan karèm pandan 23 lane ;
- Li travay nan akonpayman viktim yo ak pledwaye pou kondisyon lavi nan detansyon amelyore.

Ane sa, n ap gade ki fòs JILAP genyen nan diferan pawas yo, paske JILAP depi nan fondasyon l, t ap chèche ranmase fidèl yo nan pawas yo pou ede yo pran konsyans sitiyasyon peyi a, epi pou mete men pou aji pou chanjman, yon chanjman anfavè diyite moun ak lapè nan peyi a.

JH

## Kèk blag

### Konpè Chat mande goute siwo traka

Vwala yon lè, te gen yon chat ki t ap manje zèl pou ak lòt ti vyann, men l twouve sa pa t ase. Li tonbe pwonmennen chèche lòt manje. Kòm pwovèb la di : *pwonmennen chèche, pa janm dòmi san soupe.*

Nan mache chèche, li pase yon kote, li tandé yon mal chen k ap plenyen bay Bondye pandan chen sa a t ap niche yon siwo.

Konpè Chen di : «Ala traka pou mwen Bondye ! Ala traka Papa ! Ala traka !».

Konpè Chat di : «Ifout ! Nèg la jwenn yon bagay dous konsa l ap bwè, epi l ap rele ala traka !»

La tou, konpè Chat tonbe plenyen bay Bondye : «Papa, souple fè m jwenn yon ti traka non pou m niche lang mwen tou».

Bondye bay konpè Chat randevou pou yon jou mèkredi a midi nan yon savann dezole. Jou a rive vre, epi midi sonnen beng ! Beng ! Konpè Chat panse se lamàn di syèl ki ta pral tonbe, lè l tandé yon kokenn bri, yon kokenn wounou wounou. Lè misye vire tèt gade, li wè yon mal chen nwa byen manbre k ap kouri dèyè l tout boulin.

Konpè Chat di : « Pye sa m te manje a, m pa t ba w. » Li pati tout boulin !

Li fè plizyè èd tan ap kouri. Konpè Chen tache la dèyè 1 ! Finalnan, konpè Chat jwenn yon ti pyebwa, misye voul li vole sou yon branch epi l ap gade konpè Chen anba a.

Konpè Chat pa ka respire ankò, tèlman misye bouke. Li pran yon ti soupi, epi l leve tèt li anlè, li di : «Bondye, gade, ou pa bezwen kontinye ban m nan siwo sa a ankò tandé. Li gen piman ladan !».

Pandan mwen te sou wout la, ap suiv sèn lan, yon ti vakabon ban m yon ti kout pye nan fès, epi m tonbe jouk la a pou rakonte ou ti istwa sa a.

*E. W. Vedrine ekri tèks la*

### Blag

Yo kondane yon prizonye pou pase 5 lane nan prizon.

Li di jij la : « Men, jij, mwen gen katreven uit (88) lane ... »

Jij la reponn li : « Tribunal la pa mande ou sa k enposib la :  
ou pral fè sa ou kapab. »

*Otè : Emmanuel Delor*